ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№87 (24.213) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къет

Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ советым и зэIущIэ

Чайкэ Юрий бадзэуэгъуэм и 20-м видеоконференц мардэм тету Псыхуабэ щиригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ советым и зи чэзу зэIущIэр.

ЗЭХУЭСЫМ щызэпкърахащ къэпщытакIуэ (кIэлъыплъакIуэ) лэжьыгъэр, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным ехьэлIа Iуэхуэхэр зэрекIуэкIыр, цIыхухэм езыхэм яфIэфIу жылагъуэ Iуэхуэхэм хэтыным епха зэщIэхьеежьыгъэм зегъэужьыным, урысейпсо хабзэхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпсэу щIалэгъуалэм зыхеГъэлъхьэным хуэунэтIа кьалэнхэр.

ЗэIуцIэм кърихьэлIащ Советым хэтхэмрэ абы ирагъэблагъахэмрэ - Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Решетников Максим**, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Тимофеевэ Ольгэ**, УФ-м и Президентым Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Мазур Владимир**, УФ-м граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ щIыуэпс къэхъукъащIэхэм я Iэужьхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министрым и къуэдзэ - УФ-м мафIэс къэмыгъэхъуным кIыхьынынымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Супруновский Анатолий**, ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ **Гуров Григорий**.

Къыхалъхьа Iуэхуэхм тепсэлъыхьыным и пэ кьихуэу Чайкэ Юрий мыслъымэн псоми екъуэхъуащ Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ. Абы къыхигъэщащ лъэпкъ кузд щызэдэпсэу, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр зэрыс урысей къэралыгъуэм зэгурыIуэныгъэр щыхьумэнымрэ ар гъэбыдэнымрэ мыхьэнэшхуэ зэрапIэр а махуэ лъапIэм иджыри зэ дигу кьыззригъэкIыжыр. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм узыншагъэ быдэ яIэну, зэIуэпэщу, къэкIуэну махуэм фIыкIэ хуэплъэу псэуну, кьыдах Iуэхуэхэм екъулIэныгъэхэр щаIэну зэрригуапэр жиIащ абы.

Къэралым и Президентым и лIыкIуэу щIыналъэм щыIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыщалъхуа махуэмкIэ кьехъуэхъуащ. Чайкэ Юрий абы фIыщIэ кьыхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным теухуауэ къэув кьалэнхэр дэгъэкIыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIым папщIэ.

Ялэу зыхэплъэн хуей Iуэхум и гугъу щIидым, полномочнэ лIыкIуэм зэIуцIэм хэтхэм ягу къиГъэкIыжащ дыззырыт илъэсым и бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ къэралым и кIэлъыплъакIуэ-къэпщытакIуэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщIекIуэкIыр. 2022 гъэм и щыщIыплэм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIын хуейщ абы ипкъ иткIэ щыналъэм и пщэ кьыдэхуэ кьалэн псори.

«Сыт абы Кавказ Ищхъэрэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ щIилэр? КIэлъыплъныгъэ Iэнатlэр тэмэму зэтеухуауэ щытмэ, абы Iэмал кьет хабзэр и лъабжьэу экономикэм зегъэужьынымкIэ, хьэрычэт Iэнатlэр тэмэму лэжьэнымкIэ, жэуап зыщыбгъуэтыну инвесторхэр Iуэхум кьыхэшэныкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныкIэ. Лъабжьэ быдэ хэзэдгъэщIэ, зэ адрей щIыналъэхэм дазэрефIэкIым, нэхъ псынкIэу зэрызыджьын Iэмалхэр диIэнущ.

Iуэхум кьыдэкIуэу нэхъ гъэмэщIапхъэщ мэкъумэш Iэнатlэмрэ промышленностымрэ щылажьэ хьэрычэтыщIэхэр кьэпщытэныр, абыхэм кьыщIагъэкI продукцэм и фIагъым зэран хуэмыхьуу; туризмэм щыхуащIэ Iуэхутхьабзэхэр егъэфIэкIуэнхэщ; Кавказ Ищхъэрэм и щIыуэпс хьугъуэфIыгъуэ зыхуэбгъадэ хъун щымыIэхэр хьумэн хуейщ.

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр ягъуэтынущ хьэрычэт Iэнатlэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми. Нобэ зэпкърытхынущ ди мурадхэр кьыдэхъулIэн папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр», - къыхигъэщхьэхуакIащ полномочнэ лIыкIуэм.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэнумрэ щыналъэхэм абы и лъэныкъуэкIэ кьалэн щащIхэмрэ шэщIауэ кьытеувыIащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

Зыхэплъэну Iуэхуэхэм я кьыкIэлъыкIуэм и гугъу щищIым, Чайкэ Юрий кьызэхуэсахэм гулъытэ хэха хуригъэщIауэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм я конституцэ-правовой статусым ехьэлIа зэхъуэкIыныгъэхэр Урысей Федерацэм и Конституцэм 2020 гъэм зэрыкалъхьар. Кьащта зэхъуэкIыныгъэхэм ялкъ иткIэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм я властым и органхэм ящIыгъуу, Урысей Федерацэм унафэр щызыIэщIэлъхэм хагъэхьащ, абы Iэмал кьет ахэр гупсэхуу зэдэлэжьэныкIэ.

КъимыдэкIэ, щыналъэхэм унафэ яхуэщIыныкъ псэукIэр щегъэфIэкIуэныкъ ехьэлIауэ мы зэманым федеральнэ центрым кьыхилъхьауэ проектыфIхэр ягъэзащIэ. Абыхэм ящыщщ «Бюджетыр зэтегъэпсыхьауэ щытыным теухуауэ», «Къалэм зэпэщу ущыпсэуным хуэгъэпса кьалэнхэр дэгъэкIыныр».

«Нобэ егупчэн хуейщ зи Iуэху нэхъыфIу дэзыгъэкIыф муниципальнэ зэгурыхьэныгъэхэм я деж лэжьэкIэщIэм щыхуеджэным, социально-экономикэ мыхьэнэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэныкIэ щыIэ щапхъэ нэхъыфIхэр къагъэсэбэпыным.

Щхьэхуэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ Урысейпсо зэгурыхьэныгъэм мыбдеж щигъэзащIэ кьалэныр. Абы зэкъуигъэуващ муниципальнэ зэгурыхьэныгъэхэм я урысей кьудамэ нэхъыщхьэхэр, союзхэр, ассамблеехэр, щIигъэзыбжьащ щIыпIэхэм ядэлэжьэныр, урысей муниципалитетхэр я лжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъуэжьныр», - жиIащ Чайкэ Юрий.

Муниципалитетхэм ехьэлIа Iуэхуэхм ятеухуауэ къэпсэлъащ Урысей Федерацэм и Президентым Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Мазур Владимир. Ар хэхауэ къытеувыIащ кьалэхэр егъэфIэкIуэным, къуажэхэр зэIуэпэщ щыIэным, бюджетхэр тэмэму къэгъэсэбэпыным хуэгъэзэ проект нэхъыфIхэм я зэпеуэхэр кьызэгъэпэщныкъ абыхэм эхъыныкъ мыхьэнэшхуэ зэралэм.

«СыныволъэIу муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм я нэIэ щIэт щыналъэхэр апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтыну чэнджэщ ефтыну, лэжьэкIэ нэхъыфIхэр щапхъэу щащтэу езыхэми къагъэсэбэпу Iуэхур зэтраухуэн хуэдэу. ЛэжьэкIэ нэхъыфIхэмкIэ зэхъуэжьанырщ зыужьныгъэм и лъабжьэр», - кьыхигъэщхьэхуакIащ Мазур Владимир.

ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм я лжьыгъэр егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэм кьытеувыIэри, УФ-м и Президентым и Управленэм и унафэщIым кьыхигъэщащ а лжьыгъэр тэмэму зэтеухуауэ щытын папщIэ муниципальнэ зэгурыхьэныгъэхэм я щIыналъэ советхэр а Iуэхум жыджэру хэтын зэрыхуейр. Ахэр Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми кьыщIэзэрагъэпэщащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхуэдэу фIыуэ лажьэрэкъым.

«Абыхэм я лэжьыгъэм хэпльэжьын хуейщ, зэхъуэжьныкъэхэр хэлъхьапхъэщ. Кьыхьэолъхьэ советхэм нобэ зи Iуэху зэрахуэхэм дыкъэплъэжыну, муниципальнэ зэгурыхьэныгъэхэм ахэр щIэгъэкъуэн зэрахуэхъур, абыхэм я лжьыгъэм и унафэр зыщIыр кьэдгъэнэIуэну. Советхэр зэтегъэпсыхьын хуейщ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным зыщIэкъуэнымкIэ центр пэльытэу икIи а Iуэхуэхм гулъытэ хэха хуэфащIыну сныволъэIу», - жиIащ и псалъэм и кIэухыу Мазур Владимир.

(КIэухыр 2-нэ кап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэр къызэпауду щыIэзэныгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ щыIэзэныгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ щыIэныгъэмкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-мкIэ къыдагъэкIа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэр къызэпауду щыIэзэныгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ щыIэныгъэмкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Бырсекъуэ Р. Хь. - Минеральные Воды и таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщIыр;

б) Iэхъуэбэч Ш. А. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министрыр (Комиссэм и аппаратым и унафэщIыр)»;

в) Меркулов Д. Е. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр»;

г) Комиссэм кьыхэгъэхьыжьын Бесчокъуэ А. Щ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№80-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и язныкъуэ указхэм кьару ямыIэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Кьару ямыIэжу къэлъытэн:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр хэщIэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 21-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-м;

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм фокIадэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №124-УГ-м;

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№81-УГ

● КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къет

КIуэкIуэ Казбек эфир занщIэкIэ щIыхухэм епсэлъэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 29-м эфир занщIэкIэ щIыхухэм епсэлъэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм жэуап яритынущ республикэм щыщхэм я упщIэхэм.

ЭФИР занщIэм сыхьэт 12-м щIидзэнущ икIи ар къатынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК телеканалхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» 99,5 FM радиом, апхуэдэуи КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Instagram», «ВКонтакте» социальнэ сетхэм щIэ напэкIуэцIхэм.

УпщIэхэр канал куэд хьу 8 (8662) 40-90-07 телефон номерымкIэ тхын щIадзэнущ бадзэуэгъуэм и 21-м сыхьэти 9-м кьыщыщIадзауэ икIи эфир занщIэр бадзэуэгъуэм и 29-м иухьхукIэ екIуэкIынущ. Операторхэр сыхьэти 8-м щегъэжьауэ сыхьэт 20 пщIондэ лэжьэнущ, абы иужькIэ псалъэхэм я упщIэхэр кьыIихынущ аэрэ тхыным хуэщIа Iэмэпсымэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм тхыгъэкIи видеокIи зыхуэбгъаза хъунущ kokov-online@mail.ru электрон пощтымкIэ е «ВКонтакте» социальнэ сетымкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Псапэ

Къурмэн хуащIащ унагъуэ 1000-м щIигъум

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэ Къурмэн хьид махуэшхуэр. Дэтхэнэ зы муслъымэнми кьытохуэ къурмэн ищIныр, ар къызыхихын мылъку бгъэдэлъмэ. ДызэрыщыгъуазэмкIэ, республикэм и цIыху куэдым ягъэзащIэ а кьалэн лъапIэр. Абы иригъэлIэу псапэ зыщIэхэри ди мащIэкъым, апхуэдэхэм зыхуэзфIэмыкIхэр гулъытэншэу къагъанэркъым.

КЪР-м и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и жэрдэмкIэ мы махуэхэм унагъуэ хуэмыщIауэ 1000-м щIигъум къурмэн ящIыну Iэмал иратащ. Iуэху щхьэпэр дАыгъащ республикэ, жылагъуэ унафэщIхэм, псапащIэхэм. КъищынэмыщIауэ, Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъуэмэ зыщIагъэкъуащ.

Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм сыт хуэдэ Iуэхукъи гулъытэ къаззрыхуищIым папщIэ фIыщIэ хуещI КЪР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, апхуэдэуи Къурмэн хьид махуэ лъапIэм иратащ IуэхуэкIэ псапащIэ Iуэхуэхм зи мылъку хэзылъхьа псоми абы фIы кьахудэкIуэну йохъуэхъу.

- фIы щыщIэрщ, гуапагъэр зи Iэпэгъурщ, пэжым тетырщ зи Iуэхур сытым дежи дэкIынур, - жиIащ КЪР-м и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий. - Узыншагъэ, насып, фIыгъуэ фи унагъуэ жьэгум дэлъу, псапэ Iуэхуэхэм тевгъэкIуадэ мылъкур фхуэбагъуэу Тхьэм фигъэпсэу!

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Тхылъыщ1э

Сурэтыщ1ым и гъащ1эмрэ гуащ1эмрэ ятеухуауэ



Налшык Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Мухадин Кишев. Я родился художником» тхылъыр.

КЪР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин и монологхэр зэхуэзыхьэсар ХудожествэхэмкIэ Урысей академием хэт Ступин Сергейрэ и цIыхьгъусэ, редактор Татьянэрэщ. Абы илъэситI и пэкIэ гупыж ищIат художникым и гущIэмрэ гуащIэмрэ ятеухуа тхылъ къыдигъэкIыну.

Сурэтыщ цIэрыIуэм къикIуа творческэ гъэзугуанэм къыдэкIуэу лэжьыгъэм щыззхуэхьэсащ КIыщым гъуаздджэм ехьэлIа и гупсысэхэмрэ епльыкIэхэмрэ. Абы и псалъэм къыхощ махуэ къэс сурэт зымыщI художникыр художник нэсу къызэримылъытэр.

- Тхылъыр ди Iуэхущ1апIэм къызэрыщыдэкIар си гуапэщ, - жеIэ Котляров Виктор. - КIыщым и «Ладони протяни к огню души моей» яп1э тхылъыр 2003 гъэм ди тхылъ тедзапIэм щыхутеддзауэ щытащ.

КIыщ Мухьэдин и щхьэгъусэ икIи и менеджер Мосс Жаклин къызэрыджиIамкIэ, монологхэр испаньбзэрэ инджылызыбзэкIэ зэрадзэкIыу къыдагъэкIыну я мурадщ. Ар щIалъхьэнущ сурэтыщIым Испанием кьыщыхуэзIуах музейм.

КъыдэкIыгъуэр саугъэтыфIщ тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм, КIыщ Мухьэдин и лжьыгъэхэм дихьэххэм я дежкIэ. Экземпляр 1000 хьу тхылъым художникым и сурэт куэди хагъэхьащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхуэхэр здэсэлъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэр къызэпауду щыIэзэныгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ щыIэныгъэмкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-мкIэ къыдагъэкIа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэр къызэпауду щыIэзэныгъэкIуэкIхэм ятеухуауэ щыIэныгъэмкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Бырсекъуэ Р. Хь. - Минеральные Воды и таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщIыр;

б) Iэхъуэбэч Ш. А. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министрыр (Комиссэм и аппаратым и унафэщIыр)»;

в) Меркулов Д. Е. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къэхьын: «Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр»;

г) Комиссэм кьыхэгъэхьыжьын Бесчокъуэ А. Щ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№80-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и язныкъуэ указхэм кьару ямыIэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Кьару ямыIэжу къэлъытэн:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №13-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-мкIэ къыдагъэкIа:

«Фэтэр куэд хьу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-мкIэ къыдагъэкIа, зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм фокIадэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №124-УГ-м;

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м
№81-УГ

Ди къуэш республикэхэм

Къалэ паркыр къагъэщIэращIэ

АДЫГЕЙ. **Мейкъуэпэ и къалэ паркым щежэх Щхьэгъащэ псым и Iуфитыр ягъэбыда, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэ щхьэхуи щаухуэ. Лэжьыгъэр АР-м и Iэтащхьэ Къумпылы Мурат и нэIэ щIэту йокIуэкI. Паркыр иджырей технологиещIэхэр кьагъэсэбэпу кьагъэщIэращIэ, кьалэдэсхэмрэ хьащIэхэмрэ тыншу, хуиту кьыщакIухьын, зыщагъэпсэхун папщIэ**.

ЩХЬЭГУАЩЭ и псы Iуфэхэр зыхуей хуагъэза нэужь, спорт Iэмэпсымэхэр ягъэувынущ, цIыхуэхэр паркым итыху емыIэсэшу зыхуеину гъэщIэгъуэн куэд кьызэрагъэпэщыну я мурадщ. Абы къыдэкIуэуи щхьуантIагъэхэм еIуэнукъым, уеблэмэ жыгыщIэхэр щагъэтIысынущ.

Къызэрыдахьэх Iэмал

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Къэрэшей-Шэрджэсым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм къэрал ахъшэкIэ щеджэфынухэр 2021 гъэм процент 30-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Урысейм и хэгъэгухэм ящыщу КъШРращ абыкIэ яп1э ищар**.

КъШКЪУ-м и ректор Узденов Таусолтан зэрыжиIамкIэ, пщIэншэу еджэну нэхъыбэу Iэмал зиIэнур егъэджакIуэ-гъэсакIуэ Iэщ1агъэм хуеджэхэмрэ IТ-унэтIыныгъэ кьыхэзыхахэмрэщ.

1960 - 1980 гъэхэм щIалэгъуалэр нэхъ зыхуэпабгъу щытар егъэджакIуэ Iэщ1агъэрщ, иджыпсту университетым зи дэфтэр щIэзыльхьэхэм я проценти 3 - 4-ращ а къудамэм езытыр, ауэ щыхьукIи, кьэзыух псори ирилажьэркъым. Ректорым кьызэрильытэмкIэ, мы Iэщ1агъэм и пщIэмрэ Iулыджьмрэ къэзытэжьныр игъуэ хъуащ, абы папщIэ мыпхуэдэ зэкIыпIэкэр щхьэпэщ.

Хущхъуэр яIэрыхьэнущ



АБХЪАЗ. **Коронавирусым зэрызыщахъумэ урысей вакцинэм щыщ Абхъазым етIуанэу Iэрыхьэнущ бадзэуэгъуэм и кIэм е зыщхьэуIум и пэщIэдзэм**.

АПХУЭДЭУ жиIащ Абхъаз Республикэм и Президент Бжание Аслъэн къэрал телевидением интервью щритым. Абы папщIэ IыщIыхьэм Урысейм зыкъыхуигъэзакIащ икIи и хьэтыр къалъэгъуну къагъэгугъащ.

«Дэ ди лъэIур Урысейм яп1э иригъэщхэм ящыщщ икIи куэд мыщIэу вакцинэр кьыгIэрыхьэну сыщогугъ», - жиIащ Президентым.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

● Гу зылъытапхъэ

Пщ1э зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъибар фыдогъащIэ - щыщхьэуIум (августым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 582-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Чайкэ Юрий иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм егъэщIылIауэ лажьэ советым и зэIущIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Зэхуэсым апхуэдэуи и гугъу щащIащ цIыхухэр езыхэм яфIэфIу жылагъуэ Iэхуэхэм хэтыным зеГъужьынми. Нобэ Кавказ Ищхъэрэм апхуэдэ цIыху жьыджэру исыр мин 400-м щIегъу - ахэр узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм, ТекIуэнысгъэм, щIыуэпсыр, щэнхабзэр, къыэзрымыкIуэ щытыкIэхэм я волонтёрхэрщ.

Гулъытэ хэха мы зэманым егъуэт а Iэхуэм цIыху нэхъыбэ къыхэшэнымрэ ахэр пэжжьан папщIэ къыхуэмыгъэзэжыкIэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ. Абы папщIэ округым щыIэщ цIыхухэр яфIэфIу жылагъуэ Iэхуэхэм (волонтёр лэжьыгъэм) хэтыным хуэщъхьэпэ ресурс центрхэр. Мы зэманым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ центрым щолажьэ апхуэдэ волонтёр центритхУ. АпхуэдэуI Iэхуэщ1апIэхэр къыщызрагъэпэщыну я мурадщ Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм.

Урысейпсо щапхъэм тету Кавказ Ищхъэрэм жылагъуэ Iэхуэхэр щызэтеухуэным хихьэу щIыналъэм щагъэзащIэ проект зыбжанэ. Абыхэм я деж увыпIэ нэхъыщхьэр щIиIгъщ унафэщI ныбжьыщIэхэм я «Кавказым и къэкIуэнур» щIыналъэзэхуаку клубым. Ар хэзгъэпсащ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и кIэух Iыхьэм Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыщу хэтахэр, кадрхэм я зэпеуэм, абыхэм щIалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» жьыхуIэри хихьэу, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэр зэщIэгъэуIуэным.

Проектым и къалэнхэм хохьэ зэпеуэм хэтхэр егъэджэныр, абыхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъбыдэныр, апхуэдэуи къэрал экспертхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ ахэр зэпымыууэ я нэIэ щIэтныр къызэгъэщынырэ.

Субъектым хихьэ щIыналъхэхэм къыщызэIуахакIэщ клубым и щIыпIэ къудамэхэр. 2021 гъэм и апэ мазихым зэпеуэм хэтхэм папщIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм къыщыIэзрагъэпэщащ щIалэгъуалэмэр политикэм, хъэрычэт Iэнатlэм, щэнхабзэмрэ фейдэ къемыгъэщыным пыщIа Iэнатlэмрэ я лэжьакIуэ пажжэхэмрэ я зэIущIэхэр.

Клубым и лэжьыгъэм хихьэу Псыхуабэ щаухуэ щIалэгъуалэм щIэныгъэ щIагъэгъэуэт «Мэшыкъуэ» центрыр. Кавказ Ищхъэрэм щыщ щIалэгъуалэм ядэлажьэным хуэунэтIа программэ зэхалъхьащ.

ЦIыхухэр езыхэм яфIэфIу жылагъуэ Iэхуэхэм хэтыным зегъэужьыным и унэтIыныгъэ я нэхъыщхьэхэмрэ а лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным. Абы папщIэ округым щыIэщ цIыхухэр яфIэфIу жылагъуэ Iэхуэхэм (волонтёр лэжьыгъэм) хэтыным хуэщъхьэпэ ресурс центрхэр. Мы зэманым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ центрым щолажьэ апхуэдэ волонтёр центритхУ. АпхуэдэуI Iэхуэщ1апIэхэр къыщызрагъэпэщыну я мурадщ Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм.

Урысейпсо щапхъэм тету Кавказ Ищхъэрэм жылагъуэ Iэхуэхэр щызэтеухуэным щагъэзащIэ проект зыбжанэ. Абыхэм я деж увыпIэ нэхъыщхьэр щIиIгъщ унафэщI ныбжьыщIэхэм я «Кавказым и къэкIуэнур» щIыналъэзэхуаку клубым. Ар хэзгъэпсащ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и кIэух Iыхьэм Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыщу хэтахэр, кадрхэм я зэпеуэм, абыхэм щIалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» жьыхуIэри хихьэу, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэр зэщIэгъэуIуэным.

Проектым и къалэнхэм хохьэ зэпеуэм хэтхэр егъэджэныр, абыхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъбыдэныр, апхуэдэуи къэрал экспертхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ ахэр зэпымыууэ я нэIэ щIэтныр къызэгъэщынырэ.

Субъектым хихьэ щIыналъхэхэм къыщызэIуахакIэщ клубым и щIыпIэ къудамэхэр. 2021 гъэм и апэ мазихым зэпеуэм хэтхэм папщIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм Iэухур мы щIыналъэм илъэс 23-рэ хъуауэ щIрагъэкIуэкI. А зэманым хъриубыдэу «Гъэм и еджакIуэ нэхъыфI» цIэр фIащащ икIи муниципалитетым и щытхъу грамотэхэр хуагъэфэщащ еджакIуэ 583-м. Абыхэм я мызакъуэу, фIыщIэ тхыльхэр гъэ къэс ират гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ абыхэм ябгъэдэзылъхьэ анэ-адэхэми еджапIэхэми.

Иджы си цIэр фIыкIэ къраIуахэм яхэтащ Къэбэрэгъэщ, Солдатскэ, Приималкинскэ, Учебнэ, Екатеринорадскэ жылагъуэхэм я курыт школхэр.

Зэ1ущIэм и кIэухым Чайкэ Юрий щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм гу лъаригъэтащ зэушишагъэр хъумэн Iэнатlэм щыщу цIыхухэм псом япэу зызыхуагъазэ Iуэхущапlэхэр зэIуэпэщ щIыным хуэунэтIа программэр Кавказ Ищхъэрэм хихьэ щIыналъэхэм тэмэму зэрыщамыгъэзащIэм.

«А Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэжыным хуэунэтIа программэр гъэзэщIэныр къэралым и деж кIэ михьэнэшхуэ зиIэщ икIи ар къыхэпыбудынкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIыналъэхэм мыльку кIэ и чэзуи икIи нэсу зыкъыщIагъэкъащ. АтIэ сыт дэ а мылькур мыхьэнэншэу къызэрагъэзэбэным уеблэмэ къызэрамыгъэсэбэпыхэм щыгъуэзэ дыщIащIыр?» - щIыналъэхэм я унафэщIхэм захуигъэзащ полномочнэ лIыкIуэм.

ЗэIущIэм хэлущIыУ зэрыщащIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм федеральнэ округым хихьэ щIыналъэхэм узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм а и къудамэр егъэфIэкIуэным къызэрагъэзэгъэным ящыщ щIалэгъуалэмэ ящыщ щIыналъэхэм я Iэнатlэм щыщу цIыхухэм псом япэу зызыхуагъазэ Iуэхущапlэхэр зэIуэпэщ щIыным хуэунэтIа программэр Кавказ Ищхъэрэм хихьэ щIыналъэхэм тэмэму зэрыщамыгъэзащIэм.

«А Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэжыным хуэунэтIа программэр гъэзэщIэныр къэралым и деж кIэ михьэнэшхуэ зиIэщ икIи ар къыхэпыбудынкIэ Iэмал иIэкъым.

ЩIыналъэхэм мыльку кIэ и чэзуи икIи нэсу зыкъыщIагъэкъащ. АтIэ сыт дэ а мылькур мыхьэнэншэу къызэрагъэзэбэным уеблэмэ къызэрамыгъэсэбэпыхэм щыгъуэзэ дыщIащIыр?» - щIыналъэхэм я унафэщIхэм захуигъэзащ полномочнэ лIыкIуэм.

ЗэIущIэм хэлущIыУ зэрыщащIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм федеральнэ округым хихьэ щIыналъэхэм узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм а и къудамэр егъэфIэкIуэным къызэрагъэзэгъэным ящыщ щIалэгъуалэмэ ящыщ щIыналъэхэм я Iэнатlэм щыщу цIыхухэм псом япэу зызыхуагъазэ Iуэхущапlэхэр зэIуэпэщ щIыным хуэунэтIа программэр Кавказ Ищхъэрэм хихьэ щIыналъэхэм тэмэму зэрыщамыгъэзащIэм.

«А Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэжыным хуэунэтIа программэр гъэзэщIэныр къэралым и деж кIэ михьэнэшхуэ зиIэщ икIи ар къыхэпыбудынкIэ Iэмал иIэкъым.

Іуащхьэмахуэ и щыгум япэу нэса адыгэлІ

● Лъэпкъым и цІыху

Хьэшыр Чылар и щапхъэр

1829 гъэм и бадзэуэгъуэ маззу Іуащхьэмахуэ и щыгум япэу щытеуващ цІыхуэм и лъэр. Апхуэдэ лІыгъэ къызыкъуэкІыу зэи зыри зытемыгушхуэ бгыщхьэм нэсар адыгэлІ Хьэшыр Чыларт.

Генерал цІэрыІуэ Эммануэль Георгий я пашэу и гъэм къызэрагъэпэща щІэныгъэ-къэхутакІуэ зекІуэ иным хэтхэм я гъэзугъэлъагъуэт ди лъэпкъэгъу ахъырэзманыр. Іуащхьэмахуэ и къуэкІыпІэ лъаганІэм, метр 5621-рэ хъум, дэкІуеифа адыгэлІым къыкъуэкІа апхуэдэ лІыгъэр щІэдзапІэ хуэхъуащ урысей альпинизмэм и тхыдэм.

Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм зэрыдэкІам теухуауэ зэман зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьауэ щыта тхыгъэхэм ящыщ тыдодзэ «Адыгэ псалъэм» и нобэрей къыдэкІыгъуэм. Хэти ирещІэ къызэрыгуэкІ адыгэм бгъэдэлъ зэфІэкІым и инагъыр, ирегушхуэ икІи ireин Чылар хэлъа лІыгъэмкІэ, ар щапхъэ яхурыерхъу къытщІэхъуэ щІэблэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

БгъуэнщІагъ цІэрыІуэм и тхыдэр

Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым ущыблэкІкІэ гу лъыботэ абы и щыхьэпІэм деж щыт мывэшхуэм. Абы тетхащ: «Пащтыхь Николай Езанэм и тетыгъуэм щыгъуэ, гъэмахуэ шыпэм и 8-м щыщІэдзауэ 11-м нэс 1829 гъэм мыбдеж щытащ генерал Эммануэль Георгий и лагерыр. Абы и гъусащ: илъэс 14 зи ныбжь и къуэ Георгий, щІэныгъэлІхэу Купфер, Ленц, Менетрие, Мейер; къулыкъущІэ Вансович, архитектор Бернардацци, мэжэр зауэлІ Бессе».

КЪЫЗЭРЫЩІЭКІЫМКІЭ, а мывэр быдэ дыдэу епхащ Псыхуабэ къалэм дэт, алыдж тхьэгуащэ Дианэ и бгъуэнщІагъ Іэрыщым. А бгъуэнщІагъыр щІащІар Хьэшыр Чылар и хьэтыркІэщ, икІи япэщыкІэ зэреджэу щытар Іуащхьэмахуэ и бгъуэнщІагът. Абы и блыным деж щытащ мывитІ, ищхьэкІэ си гугъу щытщІа тхыгъэр тету, зым - урысыбзэкІэ, адрейм - хьэрпыбзэкІэ.

Генерал Эммануэль и унафэкІэ 1837 гъэм бгъуэнщІагъыр яухуауэ щытащ, иджыри абы и щхьэм мывэ хужьым къыхэщІыкІа Іуащхьэмахуэ и сурэтыр тращІыхьу, 1829 гъэм Іуащхьэмахуэ дэкІыну ежьахэм я цІэхэр абы къыхаІуащІыкІыжьын хуеящ. АрщхьэкІэ, къызыхэкІар ямыщІэу, генералыр щІегъэжьри, бгъуэнщІагъым алыдж тхьэгуащэ Дианэ и цІэр фІащыну унафэ ищІащ.

1909 гъэм мывитІри Тифлис яшащ икІи абы дэт Кавказ музейм щІагъэуващ. Мывэм ещхь нэгъуэщІ зыи ящІри, ар Псыхуабэ дэт лъахэхутэ музейм щІагъэуващ. КъэхутакІуэ, тхыдэдж икІи хэкупсэ нэс Котляров Виктор зэритхымкІэ, мывэр ди дежь къызэрахьар зи фІыщІэр щІэныгъэлІ-археолог Акритас Панаитщ. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 50 гъэхэм я пэщІэдзэм ар Тифлис дэт Кавказ музейм и зэтегъэувэжыныгъэм елэжьырт, абы щыгъуэми кІилъэгъуауэ щытащ мывэр.

1953 гъэм Акритас Налшык щыпсэущ икІи щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щылэжьащ. Мывэм и хьыбарыр институтым и унафэщІ КІэрэф Къамболэт жриІэжащ. Абы хузэфІэкІ лъэпкъ кьигъэнакъым мывэр республикэм кьашэжьыныкІэ. 1957 гъэм мывэр институтым и щыхьэпІэм деж ягъэуващ. Иджыри зы ящІри, Бахъсэн Ипщэ щагъэуващ Хьэшыр Чылар и сыным деж.

ІУТІЫЖ Мажид.

● Ди махуэгъэпс

Пэжи пцІыи

Илъэс 52-рэ ипэкІэ, 1969 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м, США-м «Аполлон» зи фІэщыгъэ и хьэрщырызекІуэ къуэрыр дунейм щыяпэ дыдэу Маззм щетІысэхащ (а лъэхъэнэм кърахьэкІа хьыбархэр и тегъэщІапІэу, тхыдэр щыхьэт зэрыстехьуэмкІэ), зэрыжаІэжьымкІи, а къэралым и астронавтхэм а уафэщІым и гущІыІум къыщакІухьащ.

АРЩХЪЭКІЭ, иджыри къызэдсым гурыІуэгъуэкъым, зи гугъу ящІ Іуэхугъуэр ипэжьпІэкІэ къэхъуарэ уи фІэщ пщІыфын хуэдизу къагупсысауэ щытарэ. И щыпкъапІэр зэхэгъэкІыныкІи Іэмалу щыІэр зыщ: ди планетэм дяпэкІэ ишэсыкІыну зыхуагугъэ «уафэщухэр» Маззм и гущІыІум щыщу зи гугъу ящІа щыпІэм щетІысэхьынырщ...

ИтІани, хьэршыр къэхутэныжьІэ ди пэщІэуэгъуэм, уи фІэщ пщІыфын хуэдизу, утыку кърахьауэ щыта мы Іуэхур къызэрекІуэкІам кІэщІу дытепсэлъыхьынщ. Дапхуэдэу щымытами, ари зы Іэмалщ ЩІы Хьэрейм щыпсэухэм нэгъуэщІ уафэщІхэр къагъэІурыщІэныжькІэ пхыплъпІэрэ хэкІыпІэу къахутахэм адэкІи зегъэубгъунымкІэ.

КъызэрекІуэкІар

1961 гъэм США-м щыщІадзат «Аполлон» зи фІэщыгъэ программэу космонавтикэм зегъэужьыным хуэгъэзар гъащІэм щыхэпщэным (Маззм щитІысыкІыным теухуа и Іыхьэри хэту). Программэм и зэхэгъэувэкІэм ехьэлІауэ, 1962 гъэм фокІадэм и 12-м а къэралым щыпсэу цІыхухэм я пащхьэ къыщыпсэлъат США-м а лъэхъэнэм и Президенту щыта Кеннеди Джон.

Программэм и гъэзэщІэныр и пщэ далъхьат II Дунейпсо зауэм къэрикІуахэм ялъ икІи ирагъэкІа Германиер зыбгына нэмыщІ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Вернер фон Браун. Арат къэзыгупсар ЩІы Хьэрейм щхьэщыт хьэуам ищхьэкІэ щыІэ и нэзым, хьэршым уэхэзышэу къалъытэм, пхыкІыфа Фау-2 зыфІаща ракетэри.

Къыхэгъэщыпхъэр араща, и щІэдзэгъэуэм США-м и къызэрехъулІа щыІэхъым иутІыпща и кхъухьлъатэхэм хьэршым я хуеблэгъэкІэр зэрекІуэкІа щыкІэр. ЖыпІэнур арамэ, и япэ ракетэхэр здынэса щІагъуи щымыІэу, е зэтекъутэрт, е къызэщІэлындэурэ езыр-езыру къэуэжырт. ЗэрыжаІэмкІэ, а лъэхъэнэм НАСА-м и екъулІэныгъэ нэхъыщхьэу къэлъытапхъэр 1967 гъэр къихьэку иутІыпща и кхъухьхэм ящыщ зым ди планетэм и орбитэм ихьыну зэрыхуэзфІэкІарщ. АрщхьэкІэ, ари, уахэм къызэрыщІэлъэтыхьа щымыІэу, къыщыІэзтеут.

ИтІани, ди щІэныгъэлІхэм ящыщу языныкъуэхэми къызэралъытэмкІэ, США-м мы Іуэхум и щІэдзэгъуэм лъэпощхьэпо куэд зэрыщыщІар бгъэщІагъуэ хъунукъым. Сыту жыпІэмэ, апхуэдэ дыдэу ди къэралым и ІэщІагъэлІхэри гугъу зэдэхьат, иужькІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа, Совет Союзым и космонавт Гагарин Юрий хьэршым яутІыпщым и пэ кьихуэу. Ди щІэныгъэлІхэми ЩІым трагъэлъэтыкІыу япэщыкІэ къеекІуэкІар кхъухь дыдэу щымытми, абы хуагъадэ макетхэр узгум игъэхьэныр.

1967 - 1968 гъэхэм ди пэщІэуэгъуэхэм яутІыпща «Аполлон» 4-нэ, «Аполлон» 5-нэ, «Аполлон» 6-нэ кхъухьхэр цІыху зэрымыст. Уахэр зи «плъапІэ» а кхъуафэхэм яхуэзэфІэкІащ ЩІым и орбитэм ихьэу къагъэззэжьын. АрщхьэкІэ, зэрызыщагъэгъуаи щыІэтэкъым (зекІуэм я нэхъ кІыхьыр сыхьэт 20-кІэщ зэрекІуэкІар).

АдэкІэ, зэрагъэхьыбарымкІэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа проектым ипкъ иткІэ зыфІэ ищІыну къытрагъэхьа «Аполлон» 7-м, 1968 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м яутІыпщам, астронавтхэу Ширра Уолтер, Айзли Донн, Каннингем Уолтер сымэ ирагъэтІысхьат.

Кхъухьыр, и етІуанэ Іыхьэр (ступень) и гъусэу, ЩІым и орбитэм ихьэри, махуэ 11-кІэ ди планетэм и хъуреягъыр кьилъэтыхьащ. АпщІондзэкуІи, ягъэнэхуащ Маззм щыкІуэкІэ здрашэжьэну зыхуагугъэ пкъыгъуэхэм я быдагъэр здынэсыр... Абы иужькІэ, кхъуафэм, зыкІэритІэтыкІыу зыкІэрищІэжа и етІуанэ Іыхьэм зыкъыІэщІигъэкІыпэщ, езыми гулъэф тІэкІу ищІри, ЩІым и хьэуа Іувым гъунэгъу зыкъыхуищІыжащ.

«Аполлон» 8-р, астронавтхэу Борманн Фрэнк, Ловелл Джеймс, Андерс Уильям сымэ зэрысар, 1968 гъэм дыгъэгъаззэм и 11-м гъэзугу техьащ. Кхъухьлъатэр махуихьм Маззм нэсщ, а уафэщІым и хъуреягъыр зыбжанэрэ къилъэтыхьри, зытекІа ЩІы Хьэрейм къигъэззэжащ (американхэр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ).

Абы иужькІэ, ди планетэм зытезыІэтыкІа «Аполлон» 9-ми, «Аполлон» 10-ми цІыхухэр исащ. Абыхэми щІэныгъэлІхэм Маззм «хуагъэтІыгъуэ» пкъыгъуэхэр хьэршым зэрезэгъым, къытрагъэззэжурэ, щыгъуэзза зыхуащІащ.

ИкІэм-икІэжу, 1969 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м, ЩІы Хьэрейм тельэтыкІащ «Аполлон» 11-р, астронавтхэу Армстронг Нил, Олдрин Базз (Эдвин), Коллинз Майкл сымэ зэрысар. Ар Маззм екІуэталІэри щетІысхащ. Махуи 8 дэкІри, бадзэуэгъуэм и 24-м, ЩІым къэзыгъэззэжа къхуафэр Хы Хуэмым тешэсащ.

Тхыдэм къыхэна а илъэсым иужькІи, «Аполлон»-хэм ящыщу къыкІэлыкІуахэри (американхэм зэрагъэхъыбарымкІэ) Маззм щепсыхащ е и хъуреягъыр кьалъэтыхьащ, ящыщ дэтхэнэми къащыщІа щымыІэу. «Аполлон» 17-р, иужьрейр арати, ар ди гъунэгъу уафэщІым щыщетІысэхар 1972 гъэращ. Абы ІьандэрэцІыхуцІэ зиІэ гуэри Маззм щебэкъуэхакъым, дызэрыщыгъуэзэмкІэ.

АрщхьэкІэ, ищхьэкІэ къызэрыщыкъэдгъэщащи, ахэр псори хъарзынэт, мы Іуэхум - американхэр Маззм мызэ-мытІэу щетІысэхауэ зэрагъэхьыбарыр - мыгурыІуэгъуэу хэлъыр куэдыщэу щымытамэ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Лъэпкъым и цІыху

Хьэшыр Чылар и щапхъэр

1829 гъэм и бадзэуэгъуэ маззу Іуащхьэмахуэ и щыгум япэу щытеуващ цІыхуэм и лъэр. Апхуэдэ лІыгъэ къызыкъуэкІыу зэи зыри зытемыгушхуэ бгыщхьэм нэсар адыгэлІ Хьэшыр Чыларт.

Генерал цІэрыІуэ Эммануэль Георгий я пашэу и гъэм къызэрагъэпэща щІэныгъэ-къэхутакІуэ зекІуэ иным хэтхэм я гъэзугъэлъагъуэт ди лъэпкъэгъу ахъырэзманыр. Іуащхьэмахуэ и къуэкІыпІэ лъаганІэм, метр 5621-рэ хъум, дэкІуеифа адыгэлІым къыкъуэкІа апхуэдэ лІыгъэр щІэдзапІэ хуэхъуащ урысей альпинизмэм и тхыдэм.

Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм зэрыдэкІам теухуауэ зэман зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьауэ щыта тхыгъэхэм ящыщ тыдодзэ «Адыгэ псалъэм» и нобэрей къыдэкІыгъуэм. Хэти ирещІэ къызэрыгуэкІ адыгэм бгъэдэлъ зэфІэкІым и инагъыр, ирегушхуэ икІи ireин Чылар хэлъа лІыгъэмкІэ, ар щапхъэ яхурыерхъу къытщІэхъуэ щІэблэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Япэ итахэр

Лъагъуэхэш

... **ЦІыхуэхэр Іуащхьэмахуэ хуэкІуэрт. Дыгъэ бзий гуащІэхэм щахъумэн папщІэ, абыхэм я нэкІуэхэм гын щахуащ. Экспедицэр 1829 гъэм генерал Эммануэль къызэригъэпэщат. ЩІэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ жэуап ихьырт академик, геофизик цІэрыІуэ, минералог, Петербург щыІэ физикэ обсерваториеи и къызэгъэпэщакІуэ икІи и япэ директор Купфер Адольф (1799 - 1865). Гупым хэтт физик Ленц Эмиль. Зоологие къэхутэныгъэхэр и пщэ далъхьат жыпІэ Урыс энтомологие обществэр зэхэзыша Менетрие Эдуард (1802 - 1861).**

МЕНЕТРИЕ дэІэпыкъурт илъэс 13 зи ныбжь Вознесенскэ Илья, щІэныгъэм хуабжьу хуэпабгъэ щІалэ цІыкІур. ИужькІэ Вознесенскэр музей коллекцэхэр зэхуэзыхьэс цІыху цІэрыІуэ хъуащ.

КъэкІыгъэхэр джыным текуа гложьыгъэр лъысащ ботаник Мейер Карл (1795 - 1858), иужькІэ ар щытащ ЩІэныгъэхэмкІэ Академием и Ботаникэ жыг хадэм и унафэщІу.

Петербург щыщ академ-зыхуэхэм Эммануэль и жардэмкІэ яхьыкащ Венгриеми щыщ зекІуэлІ Бессе Янош. 1829 - 1830 гъэхэм абы Кавказымрэ Тыркумрэ къыщиклухьащ, Венгриемрэ Кавказымрэ щыпсэу лъэпкъхэм пасэ зэманым яку дэлъа зэпыщІэныгъэхэр кьихутэу. Абы и къэхутэныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуащ «Кърымым, Кавказым, Грузием, Армением, Азие ЦІыкІум, Константинополь дызэрыщыІар» тхылъыр, 1838 гъэм Париж къыщыдэкІар.

Художник папщІэу экспедицэм Эммануэль хигъэхьащ Кавказым и нарзаныпс къыщІэжхэм я архитектор Бернардацци Иосиф (Джузэппе).

1829 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м экспедицэм хэтхэр Петербург кьыдэкІащ икІи Константиногорск (апхуэдэущ абы щыгъуэм Псыхуабэ зэреджэу щытар) маззм и кІэм нэсащ. Абы щежьэри, еджагъэшхэу гупыр Балъкъ тет Мывэ Лъэмыж быдапІэм (иджы Каменномост къуажэщ) нэсащ. Мыбдеж къащыпэплъэрт лъэсырыкІуэхэмрэ къэзакъэмрэ зыхэт зауэлІ гупышхуэ. КъэхутакІуэхэм я шынагъэшащэр къызэрагъэпэщын папщІэ экспедицэм щыІэт лъэсырыкІуэхэу цІыху 650-рэ, къэзакъ 350-рэ. ТопитІ иІэт. А псори щыІэгъуу экспедицэр гъуэгу техьащ. Языныкъуэ махуэхэм километр щэщІым нэс икІуфырт. Бадзэуэгъуэм и 8-м псори нэсащ Балъкъ къыхэлъадэ Харбас псым. Мыбдеж топхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр къыщагъанэри, Балъкъ аузым дэту дэкІуеящ икІи абдеж къыщыуыВІащ.

Академик Купфер зи пашэ гупым зыхуигъэхьэзыру щІидзащ Іуащхьэмахуэ дэкІуеиным. Зыхуеину Іэмэпсымэхэр ягъэхьэзыращ. Эммануэль экспедицэм щыІэту къэзакъхэр, адыгэхэр, балъкъэрхэр зэхуиушэсащ икІи абыхэм яжриІащ япэу Іуащхьэмахуэ дэкІым саугъэту сом 400, етІуанэм сом 200 зэраритынур.

Бадзэуэгъуэм и 21-м пщэдджыжьыр сыхьэти 10-м Купфер, Ленц, Менетрие, Бернардацци, езыхэм яфІэфІу ЩхьэхьА къэзакъ тІощІ, гъуэгугъэльагъуэхэр я гъусэу, хэщІапІэм текІри, Кавказым и бгы нэхъ льагэ дыдэм кІэрыхьащ.

СыхьэтихкІэ кІуа иужь, уэсым нэсахэщ. Ахэр лъэныкъуэ псомкІи куууэ къэча къырхэм нэсащ. Зы къыр гуэрым и щІагъым нэху къыщекІащ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м жэщыр сыхьэтищым нэблэгъауэ маззм и нэхум хэту гупыр Уллу-Маметдерку мылыльэм нэсащ икІи Іуащхьэмахуэ и къуэкІыпІэ щыгум дэкІыу хуежьащ.

Мис мыпхуэдэу итхьжауэ щытащ Купфер: «Ди гъуэгур зэм занщІэ, зэм нэшэкъашэ хьурт. Дыгъэм уэсыр къимыгъэтІатІэ щыкІэ щыгум дынэсыну дызэрыхуущІэкъуам ди къарур щІидзащ. ИкІэм-икІэжьым дэ дыкъэувыІэн хуей хьурт зы льэшкъуэ тчыхухкІэ. Хьауар апхуэдизкІэ къыщдэмащІэкІырти, дыбауэ щхьэкІэ тфІэкІуэда къарур зэфІэувэжьыртхэкъым. Лъэнтхуэхэр хуабжьу кьеуэрт. Си Іупэхэр мафІэм исырт, бгырысхэм я чэнджэщІэ си нэкІум гын щысхуа пэтми, си нэхэм яхуэшэчыртэкъым дыгъэ бзий гуащІэхэр. СыгуэрыгуэрыфІтэкъым, си щхьэр уназэрт. ИужькІэ дэ зыщыдгъэпсэхуну мурад тщІащ Къыр ФІыцІэжьым и щІагъым».

Метр 4270-м нэсауэ Купферрэ абы щыгъуэхэмрэ адэкІэ зэрымыкІуэжьфынур белджылы хуауащ.

Экспедицэм хэтахэм ящыщу Хьэшыр Чылар и закъуэщ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэт 11-м Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсыфар. «ЛІыгъэшхуэ зыхэлъ адыгэлІым абдеж и башыр щыхитІащ, мывэхэмкІэ кьиГъэтІылъыхьри. ИужькІэ къехьжу куэжащ, - къыщигъэльагъуэ Соколов Н.В. «1829 гъэм ЩІэныгъэхэмкІэ академиер Іуащхьэмахуэ зэрыщыІар» тхыгъэм. - Бгым дэкІыным абы тригъэкІуэдар сыхьэти я иримыкъущ. Чылар щыгум кьирихащ мывитІ. Зыр Эммануэль ЩІэныгъэхэмкІэ академием хуригъэшащ, адрейр Бессе саугъэт хуищІащ, еджагъэшхуэр зыщыщІ Пешт къалэм и музейм щІилъэхьан папщІэ.

Еджагъэшхуэхэмрэ Чыларрэ бгым зэрыщыкІам зэпымыууэ кІэлъыплъащ Іуащхьэ лъабжьэр зи хэщІапІэхэр. Эммануэль и ныгт Купфер кьирита нэрылъэ гъыззэдзэр. ХэщІапІэм щыІэхэм ялъэгъуащ гупыр кІыззэрехьжыр, Ленц и уву ІэпІэр, апхуэдэу Чылар щыгум зэрыдэкІар. Чылар щыгум нэса иужь Іуащхьэмахуэ къызэрагъэпэщащ и щыхькІэ хэщІапІэм фочхэр щагъэуащ.

«ЩыгУм нэсыфа Чылар дэ нэхърэ нэхъ Іэзэу къигъэсэбэпащ пщэдджыжьэ хьэуам и щыІагъыр, - итхьжащ иужькІэ Купфер. - Ар дэ куэдкІэ ди япэ уэсыр сыт хуэдэ зэмани зытемыкІ щыІпІэм нэсащ икІи Ленц езым и иужьрей увыІэпІэм щынэблэгъам, Чылар кьигъэзэжауэ щыгум къехьжырт. Шынэ зымыщІэ щакІуэу щыт абы щыІнальэр фІы дыдэу иціыхуэт икІи бгы льагэхэм дэкІыфу зриІэсат. Ар хэщІапІэм дэ ди япэ къэсыжащ, езым зэрихьа лІыгъэм папщІэ къызэригъэгуа саугъэтыр Эммануэль къыІихын папщІэ. АрщхьэкІэ иужьрейр дэ къытпэплъащ, гуфІэгъуэр дызэхэту псоми тІэтын папщІэ.

Бгым къехьжа Чылар яфІэтелъыджэу кьеплъырт экспедицэм хэт псори – ар иджыри къэс цІыху зыдэмыкІыфыну къалъытэу щыта Іуащхьэмахуэ и щыгум щыІат. Ар ящышынакъым лъагагъми, зэи къэмыткІу мылылъэхэми, а бгым и щхьэм нэса дэтхэнэри фІэкІыпІэ имыІэу зэрыхэкІуэдэнум теухуауэ лъэпкъым кьыдэгъуэгурыкІуэ хъыбархэми. ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту генерал Эммануэль гъуэгугъэльагъуэ Хьэшыр Чылар сом 400-рэ цеипхъэ щэкІрэ саугъэту иритащ.

ЦІыхур япэу Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІам кьыхэкІыу 1829 гъэм шыгун плитауэ 2 ягъэжащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Кушмэзыкъуей къуажэм (иджы Бахъсэн районым щыщ Старэ Крепость къуажэ) щыщ адыгэ мэкъумэшыщІэ къызэрыгуэкІыр Іуащхьэмахуэ япэу дэкІащ.

БАЙДАЕВ Муса.
(«Им покоряются заоблачные выси» тхылъым (Налшык, 1979 гъэ) къыхэтхащ).

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 22, *махуэку*

♦**Боксым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЩІхъэ куцІым и дунейпсо махуэщ**

♦**Москва и уафэр зыхъумахэм я махуэщ**

♦**Азербайджаным и лъэпкъ прессэм и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и къэралыбзэм и махуэщ. 1989 гъэм таджикыбзэр а къэралым и бзэ нэхъыщхьэу щагъэуващ.**

♦**Африкэ Курыт Республикэм щагъэлъапІэ хабзэ зэращІэгъуэн - Жыг хэсэным и махуэр**

♦**1795 гъэм** Шереметев Николай и щІапІэм кьыщыззІуахащ «Останкино» театрыр ардзэунэр.

♦**1894 гъэм** Франджым и кьалащхьэ Париж дунейм щыяпэу автомобиль къызздэжэхэр щызэхэтащ.

♦**1910 гъэм** Ясная Полянэ хэщІапІэм мафІэсыщхэр къыщыхъури, Толстой Лев и Іэрытхэхэр хисыхащ.

♦**1918 гъэм** Урысейм и ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ кьищтащ сондзджэрэм япэщІэтыным теухуауэ.

♦**1927 гъэм** Италием къыщыззрагъэпэщащ «Рома» футбол клубыр.

♦**1944 гъэм** Дунейпсо валютэ фондыр къызэІуахащ.

♦**1945 гъэм** КъАССР-м и щакІуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦Романовхэ ящыщу Урысейм и япэ пащтыхь хъуа **Михаил Фёдор и къуэр** къызэралъхурэ илъэс 425-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор цІэрыІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Сухой Павел** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу. Абы и унафэм щІэту зэпэхъаралъхьащ кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэ 50-м щигъу. Абы-хэм я нэхъ лъэщу кьалъытэхэм хабжэ дзэм кьащагъэсэбэп Су кхъухьлъатэхэр.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІыщокъуэ Алим** кьызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Франджы узэрэджыкІуэ цІэрыІуэ **Матье Мирей** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Узрэджыкіуэ, композитор, усакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Газманов Олег** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦АР-м щыщ журналист **Мамрыкъуэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Розановэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей хоккеист, олимп чемпион, Стэнли и Кубокыр тІэунейрэ къэзыхьа **Зубов Сергей** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ зэшхэ щыщІэсынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 23, *мэрем*

♦**Джейхэмрэ ныкъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ.** 1986 гъэм яГъэращ, а псэущхьэкІэ илъэс 200-кІэ гущІэгъуншэу зэрызэтраукІам и зэранышхуэ дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрекІым игъэгъаязэри. Абы ЛъэнтІэрэ джейхэр къаубыдри, я лыр ящэуи ядэркъым.

♦**Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ.**

♦**Осетие Ипщэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ.** Абы щыгъуэщ дунейм къыщытехьар япэ осетин газетыр - 1906 гъэм Владикавказ къыщыдэкІыу щІидзащ «Ирон газет» («Осетинхэм я газет») жыхуиІэм.

♦**1687 гъэм** Париж кІуащ Урысейм и япэ посольствэм щыпэжьэнуэр.

♦**1774 гъэм** Пугачёв Емельян зи унафэщІ, цІыху мин тІощІ хъу дзэм Къэзан къалэр иубыдащ.

♦**1881 гъэм** Льеж (Бельгие) къалэм къыщыззрагъэпэщащ ГимнастикэмкІэ дунейпсо федерацэр - дунейм щыяпэ спорт зэгухьэныгъэр.

♦**1903 гъэм** «Форд» корпорацэм япэ автомобиль къыщІигъэкІащ.

♦**1930 гъэм** Москва авиацэ институт къыщызэІуахащ.

♦**1952 гъэм** Мысырым и дзэр полковник Насер Абдель Гамаль я пашэу къызэрыІэтри, къэралым и пащтыхь Фарукъ Езанэр тридзащ. Зы илъэс дэкІри, Мысырыр республикэ хуэхъуащ, абы и унафэщІым хахащ пащтыхьыр текІыным езыхуэлІа гупым и унафэщІу щыта Насер.

♦**1985 гъэм** Урысейм и дзэхэм хагъэхьащ Іэщэ лІэужьыгъуэщІэ - «Тополь» ракетэхэр.

♦**1992 гъэм** Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ Курджым къызэрыгуэкІым икІи къэрал щхьэхуит зэрыхъум теухуауэ.

♦**1994 гъэм** «УФ-м и Конституцэ гущІэгъуэ и Іэхуэкіэ» законым къару игъэтащ.

♦Урыс усакІуэ, критик **Вяземский Петр** къызэралъхурэ илъэс 229-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдус **Матусовский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, генерал-майор, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦«Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Дзыхьмыщ Къэралбий** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ зэшх къыщыкъхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Блэкіа хабзэжьым укъемыкъуж.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Зыужьыныгъэ

Хыри, бгыри, псы хущхъуэри

УФ-м и Правительствэм игъэбелджылащ Кавказ Ищхъэрэм зыгъэпсэхупІэ щІыналъэу зегъэужьыным епхауэ зэфІахыну Іуэхугъуэхэр. Ахэр 29-рэ мэхъури, дэтхэнэ зыри зэрагъэзащІэм елъытауэ щытынущ хуэІуэхущІэхэр зыхуэдэнымрэ нэгъуэщІ зыгъэпсэхупІэхэм ди щІыналъэр зэрефІэкІынымрэ.

ПСОМ япрауэ, къапщытэнущ Кавказ Ищхъэрэ зыгъэпсэхупІэхэм я щытыкІэр, зэхагъэувэнущ щэнхабзэ программэ, шухыныгъуэ щІэщыгъуэхэм къыщыщІэдзауэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зыгъэпсэхупІэхэм щыщІэкІыжу щІэрыщІэу зэтрагъэпсыхыну я мурадщ. А проектхэм ящыщ куэдыр уней мылъкукІэщ зэрызэфІагъэкІынур.

Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэр федеральнэ ахъшэм къызэрыщигугъэр, абыхэм зэрыпсэун къалэжьыжьру щІын, къэралымрэ зэфІэкІ зиІэ щІыхухэмрэ я мылъку зэхэдзэкІэ Іуэхур гъэкІуэтэн зэрыхуейр жиІащ Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил. Абы кьыхигъащащ илъэсым и кІыхьагъкІэ зыгъэпсэхупІэхэр, щІыхухэм я узыншагъэр щагъэфІакІуэхэр бгъэлэжьэну мы щІыналъэм Іэмал кІуэрэритыр. Къапщтэмэ, уэ зэрыщІалэм кьыхэкІыу щІыхухэм я зэхэзекІуэр нэгъабэ нэхъ мащІэу щытами, Кавказ Ищхъэрэм мелуани 2,5-м зыщагъэпсэхуащ. Мишустиным зэрыжиІамкІэ, КИФЩІ-м и зыгъэпсэхупІэ нэхъ инхэм иужьрей илъэсхэм сом мелард 30-м щІигъу халъхьащ. Къэралым иджыри мылъкушхуэ тригъэкІуэдзнущ хьэрычэтыщІэхэм инженер инфраструктурэмкІэ защІигъэкъуэным, ауэ хьэщІэщ, шхапІэ, н.кь. уней мылъкуклэщ зэрауэхунур.

Зызыгъэпсэхухэм я дежкІэ мыкьэнэшхуэ иІэщ кьыздикІымрэ здэкІуэмрэ зэзыпх транспортыр. Араущи, иджырей зэманым къэкІуу къагъэщІэрэщІэнущ псы, гъущІ гъэзгу вокзалхэр, аэропортхэр, щІэхэри яухэнущ. Яухуэнум щыщу цІыхухэр нэхъ зыпэплъэр Кавминводы - Сочэ гъэзгур арагъэнущ. Абы хуэдитКІэ игъэмэщІэнущ мы гъэзгуанэм ихь зэманыр. НэгъуэщІу жыпІэнымэ, хы ФІыцІэ Іуфэм зыщцызыгъэпсэхуэм Іэмал иІэнущ Кавминводхэм къакІуэу псы хущхъуэ щефэну. «Ростуризм»-м кьит бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, КИФЩІ-м и хэхъуэм и процент 10-р зыгъэпсэхупІэхэм кьалэкІуэу хъунущ. Нэхъыщхьэращи, хуэдищкІэ нэхъыбэм лэжьыгъэ ягъуэтынущ иджыкІэ мы Іэнатіэм пэрытым нэхърэ.

ЗэрытщІощи, ди щІыналъэм хурикъурыкъым хьэщІэщ, кемпингэ зэІуэзэпэщхэр. Мы гъэм щхьэщатыкІыр нэхъ мащІэу кредит ят хъуащ хьэщІэщхэр яухэным, жьы хъуахэр къагъэщІэрэщІэжьым щІыхухэр трагъэгушхуэн мурадкІэ. Ауэ гурыІуэгъуащ хьэщІэщ дахэм кьалэ, щІыпІэ дахэ зэрыжиІэнур. Къапщтэмэ, Кисловодск сыт и лъэныкъуэкІи зэІуэзэпэщ ящІыну федеральнэ программэ щыІэщ. Дыщыгугъынщ Налшыки апхуэдэ гулъытэ игъуэтыну, зэгуэр абы и санаторхэр СССР псом щыцІэрыІуэу зэрыщытам тетщІыхьу.

● Гулъытэ

ЩІыхуэр ирапшыныжыну

къэралым сом мин 450-рэ яритынущ унагъуэшхуэхэм

ЩІы къащхэун, унэ ящІын, жыг хадэ хасэн, Іэщ, джэдкъаз эрахуэн, зыщІэс унэр зыхуей хуагъэзэн папщІэ къэралым щІыхуэ къеІызыхахэм сом мин 450-рэ иратынущ а щІыхуэм щыщ хуапшын пэлъытэу. Абы теухуауэ УФ-м и Правительствэм къищта унафэм къару игъуэтащ бадзэуэгъуэм и 10-м.

ИПОТЕКЭ кредит зытелъ унагъуэшхуэхэм къэралыр ядэІэпыкъуным теухуа программэр ди къэралым щагъэзащІэ 2019 гъэм фокІадзэм (сентябрым) и 1-м къыщыщІэдзауэ. А программэм хеубыдэ 2019 гъэм щІышылэм и 1 нэужьым сабий ещанэ е абы кьыкІэлъыкІуэ къызыхэхъуа унагъуэхэр.

Унагъуэ мини 186-м ираташ мыпхуэдэ ахъшэ. Абыхэм ящыщу унагъуэ мини 9,6-м ипотекэ щІыхуэ ятелъыжкъым.

НэгъуэщІ зы унафи щыІэщ унагъуэхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ.

Илъэси 6-м къыщыщІэдзауэ 18-м нэс ныбжьым ит (2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 3 - 2015 гъэм фокІадзэм и 1 пІалъэм къриубыдэу кьалъхуахэм) сабийхэм зэ тыгъуэу сом мини 10 иратынущ. Школыр къиуха-къимыухам емыльытауэ ахъшэр кьалэрыхьэн хуейщ зи гугъу тщІа ныбжьым ит псоми.

Ахъшэр иратынущ сабий ныкъуэдыкъуэхэми (илъэс 18 - 23 ныбжьым итхэм), ахэр иджыри школым щеджэмэ, 1998 гъэм бадзэуэгъуэм и 3 нэужьым кьалъхуамэ.

Ахъшэр къуатын щхьэкІэ лъэІу тхыльэ ебгъэхьын хуейщ Къэрал хэІуэхущІэхэм я сайтым е Пенсэ фондым. ЛъэІу тхыльхэр мы мазэм и 15 лъандэрэ Іах, ахъшэ яту щыщІадзэнур щыщхьэІуІум (августым) и 16-рщ.

КъыззрабжамкІэ, сабий мелуан 20,4-м сом мини 10-р ираты нущ.

● Узыншагъэ

Мыхьэнэ имыІэу, уеблэмэ зэрану

къыщІрагъэдзащ поливитаминхэр

Хопкинс Джон и цІэр зезыхьэ американ университетым щылажьэ щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуараци, витаминхэмрэ шухыным дыщІагъу минералхэмрэ зыри я мыхьэнэкъым, дуней псом доллар мелард бжыгъэкІэ щащІэхуми.

ЩІэныгъэлІхэм цІыху мин бжыгъэхэм якІэлъыплъу къэхутэныгъэхэр илъэс куэдкІэ ирагъэкІуэкІащ. Абы къэрикІуараци, поливитаминхэр зыкІи сэбэнкъым гур узынщэнымкІэ, цІыхум лыщх къемыуэлІэнымкІэ, щыгъупщэх мыхъуныжмкІэ. ЩІэныгъэлІхэм жалэ витамин Е-мрэ бетакаротинымрэ цІыхум дежкІэ зэрызэранырэ, посм хуэмыдэу абыхэмкІэ ерыщхэм я дежкІэ. Сэбэпу кьалъытар фолиевэ кислота зыхэлъ витаминхэрщ.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, тшхым хэлъ витаминхэраш цІыху Іэпкъльэпкъыр зыхуейр, армыхьумэ ІэрыщІэкъркъым.

«Си анэм и пщэфІэкІэр»

«Лашын» бзылъхугъэ щІыхубэ зэгуэхьныгъэм и нэІэ щІэту, дунейм кьытехьащ Бжьэдыгъу (Къущхъэ) Оксанэ и «Мамина кухня» («Си анэм и пщэфІэкІэр/пщэфІапІэр») тхьилъыр.

«ТХЫЛЪЫР журнал теплъэм идгъэващ, ущыпщафІэкІэ нэхъ тыншу кьупхуэзтехын хуэдэу, - дыкъегъэгуаз Оксанэ и лэжьыгъэм. - Дэтхэнэ пщэфІыгъэри зэрызэхэт Іыхьэхэр сурэтклэ къэгъэлъэгъуащ».

Адыгэ лэгъупыІэмпІэм и хъугъэфыгъуэхэр» фІэщыгъэм щІэту тхыль гуп кьыдигъэкІын и гугъэщ Оксанэ икІи мы дызытепсэлъыхьыр абыхэм япэ иту аращ. «Си анэм и пщэфІэкІэр» щІыфІищам и щхьэусыгъуэри кьыдгурегъаІуэ: тхылъым си пщэфІыкІэр щызэпкърыха шхыныгъуэ 14-ри кьэзыріГъэлъагъуэр и анэм зэрищым теуэзущ. Абы кьыкІэлъыкІуэнум Оксанэ щимурадщ и гуащэшхуэм ипщэфІу щыта шхыныгъуэхэр щызэхуихьэсыну.

«Тхылъхэр Налшык, Нартан хъэсыжакІэщ, си анэм ІэщІэслъхьакІэщ, сыту жыпІэмэ, ар дунейм кьызэрытехьар си фІыгъэр зыхуэгъэфэщащи араш», - кьыдогуашэ Оксанэ и гуфІэгъуэмкІэ.

«Си анэм и пщэфІэкІэр» къызэрыдэкІар урысыбзэщ, ауэ ар зытхам дыкъегъэгугъэ етІуанэ кьыдэкІыгъуэм абы ихуа тхыгъэхэр адыгэбзэкІэ, тыркубзэкІэ, инджылызыбзэкІэ зэдзэкІаУэ иригъэувэну.

Оксанэ и Іэщ Іагъэкіэ экономистщ икІи егъэджакІуэщ. Бзылъхугъэ нэфІэгуфІэм и пщэфІэкІэм уеплъкІи, уедаІуэкІи зыщыбгъэнщІыркъым. ІэкіуэлъакІуэу зэрыІэбэм кьыгуоувэ Оксанэ ищІэу хъуар щІищІэр гурыІуэгъуэу, чэнджэщэм щымысхьу кьызэрыбгуригъаІуэр. Псом хуэмыдэу удехьэх дэтхэнэ ерыскъыхэкІми и сэбэп-и эзранкэр, ар адыгэ тхыдэм кьызэрыхэщыр, лъэпкъ къудамэ къэс абы адрейм ейм темыхуэу хилъхьэм гу зэрыльыуигъатэр.

«Адыгэ пщэфІэкІэм, зы лъэныкъуэкІэ, шхын зэмылІэужьыгъуэхэр щымащІэкъым, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъеплъмэ, аэр зызымыхъуэжщ. Абы ущрихьэлІэныкъым хадэхкІ зэхэупщІэтахэм я лІэужьыгъуэ куэд, ауэ щыпсэр, лыхэкІхэр, иджыпсту дэнэ щІыпІэкІи прунжымрэ нартыхумрэ щрагъэкІуэтэкІа хугум къыхэщІыкІа шхыныгъуэхэм уащыхуоз». А зэрызимыхъуэжырщ, лъэпкъыр зэсам зэрытемыкІырщ, хэку щІыналъэм щыцэкІуэ, кьыщыхъу ерыскъыхэкІхэр нэхъ кьызэращтэрщ гъащІэ кІыхьым и щэхур», - гунэсу тхылъым и пэублэм ущыхегъэгъуазэ Оксанэ адыгэхэм я ерыскъы зехьэкІэм.

Тхылъыр «Адыгэ унэми» «Tkheda book») щащэ, электрон Іэмалкіи уогъуэт.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Футбол

Бжыгъэшхуэ защІэкІэ къыхагъащІэ «Нарт»

Есэгъуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым мы гъэм зэрыщІидзэрэ иужь дыдэ увыпІэр Нартхъалэ и «Нартым» зэрыщиІыгъым. Ар пэщІдзэ зэІуущипщіми къыщыхагъэщІа къудейкъым, атІэ иужь джэгуГъуихым бжыгъэшхуэ дыдэкІэ щыфІаХьащ.

ИДЖЫРИ къэс къаззэрытекІуа 1:8, 1:9-м щебэкъуэжащ щэбэт кІуам. Зэхьэзэхэуэм къыщыкІэрыхухэм ящыщу икІи зэ закъуэ фІэкІа нобэр кьыздэсым зи хьэрхуэрэгъуэхэр химыгъэщІауэ Налшык къикІа «Спартак-Д»-м «Нартыр» и стадионым щыІэжу 1:10-уэ хигуащ. Нарткъалэдэсхэм я зэфІэкІыр зэрыльхьэшэ дыдэр абы наІуэ ещІ.

И кьехуэхыныгъэм кьыпещэ «Ислъэмейм». Ар ещанэу зэкІэлъхьэжьу кьыхагъэщІащ икІи турнир таблицэм зэгуэр щыпашэу щытауэ кьыпхуэщІэжьынкъым.

Пчыдзхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр зэрыщиІыгъщ «Ислъэмейм» щыджагу Бэлагъыр Руслан. Абы кьыкІэлъокІуэ Иуан Азрэт («Энергетик»), Суйдым Аслъэн («Урыух»), Глашев Алим («ЛогоВАЗ») сымэ.

АдэкІэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кьрикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Эльбрус**» (Тырныауз) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:1**, «**Урыух**» (Урыху) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **1:7**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:10**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **5:4**, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **1:2**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - **3:0**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:1**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм Етіуанэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **3:3**.

ДзызыхуэкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгуГъуэм щызэІуІэнущ: *бадзэуэгъуэм и 24-м* - «Родник» - «ХьэтІохъущыкъуей», «Псыгуэнсу» - «Малка», «Энергетик» - «Нарт», «Шэрэдж» - «Шэрджэс»; *бадзэуэгъуэм и 25-м* - «Кэнжэ» - «Урыух», «ЛогоВАЗ» - «Эльбрус», «Спартак-Д» - «Тэрч», «Ислъэмей» - «Шэджэм-2» командэхэр.

ХьЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Родник»	9	7	2	0	41-7	23
2. «Тэрч»	9	7	2	0	27-9	23
3. «Кэнжэ»	10	7	2	1	27-14	23
4. «Энергетик»	9	7	1	1	31-14	22
5. «Урыух»	9	6	1	2	28-20	19
6. «Ислъэмей»	10	6	0	4	37-26	18
7. «Шэрджэс»	10	5	2	3	26-26	17
8. «Шэджэм-2»	10	4	3	3	20-22	15
9. «ЛогоВАЗ»	10	4	2	4	23-22	14
10. «ХьэтІохъущыкъуей»	9	3	1	5	19-23	10
11. «Малка»	9	3	0	6	16-22	9
12. «Псыгуэнсу»	10	2	3	5	20-25	9
13. «Спартак-Д»	10	2	3	5	19-15	9
14. «Эльбрус»	10	2	1	7	14-33	5
15. «Шэрэдж»	10	1	0	9	12-41	3
16. «Нарт»	10	0	0	10	16-57	0

Фи нэгу къыщІэвгъэхьэт...

● Китай

Ди зэманым гъэщІэгъуэнхэм я нэхъыбэр къызэдикІыр Китайрщ. Иджыри зы кьахэхъуащ абыхэм.

КХЪУХЬ тедзапІэм щылажьэ къулыкъущІэу 42-рэ хабзэхъумэхэм я деж езырезыру кІуащ зэгуэр Іулъхьэ къызэращтам зэрыхущІегъуэжьыр, жэуап яхьыну зэрыхъэзырыр жаІэу. Псалъэм папщІэ, илъэс 70 зи ныбжь лЫм, Пекин дэт университетхэм я зым и парткомым и секретарым, зеумысыж хабзэм зэребэкъуамкІэ. НэгъуэщІым жеІэ (ари партлэжьакІуэщ) мыжеифу, мышхэфу кьызэрыкІащ, ягъэтЫсыну унэм кьыщІащ хуэдэу и нэгу къыщыщІигъэхьэкІэ, и щхьэр унаэз зэрыхъуар.

Зызыумысыжхэм пыухыкІауэ кьагъэлъагъуэ Іулъхьэр зыхуэдизари ар кьыщІратам и щхьэусыгъуэри.

Илъэситі иримыкъу пІалъэм кьриубыдэу коронавирус уз зэрыщІалэм ди гъащІэм дигу къэмыкІа куэд кьыхилъхьащ, Іейуи фІыуи.

ІЕЙМ и гугъу тщІынкъым, абы щымыгъуазэ кьэгъуэтыгъуейщи. Фыращ гу нэхъ лъэдмытэурэ ди щыІэкІэ-псэукІэм и Іыхьэ хъуар.

ЗэрытщІэщи, щІэныгъэкІэ зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ щІалэгъуалэм я кІалэ, уеблэмэ я къэралым ябгынэурэ я Іуэху нэхъ щыдэкІыным Іэпхъуэу кьекІуэкІащ. Зи унагъуэ зыбгынакъым зытращІыхьыр гугъу ехьу зрагъэгъуэта щІэныгъэмрэ Іэщ Іагъэмрэ улахуэ тэмэм кьыпэкІуэн зэрыхуейр. Апхуэдэуи щытащ «пандемие» псалъэр ди гъащІэм кьыхьыхьэху.

Іэхъуущ Іапіэм щІэмысу я унэм е хьэщІэщым щылажьэу езыгъэжьахэм ар нэхъ кьыхах. Апхуэдэу щыхъуКІэ, кьыздикІам игъэзэжу (упсэу Интернетыр) лэжьэфынущ. Программистхэр, менеджерхэр, Іэщ Іагъэлі нэхъыщІэхэр, офисым щылэжьахэр - ахэращ, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ жыхуаІэу, зыгъэзэжыр. Апхуэдэ лэжьакІуэхэм щыщІэнущ Инджылызыр, Франджыр, Германиер, Швейцариер. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми я нэхъ мащІэу щІыху мин 500 щолажьэ, зи гугъу тщІа Іэщ Іагъэхэмкіэ нэгъуэщІхэм ефэкІыу, щІэупщІэ яІэу. Иджы а щІалэгъуалэм ягъэзэж Европэм и къэралхэм, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум, Африкэм. Мин бжыгъэ мэхъу зыгъэззэжкэр. Зэгуэр ябгына я хэкум ахэр хущхьэпэфынущ ятыну налогымкІэ (и унэм щІасу а здыІута Іэнатіэр иІыгъми). Апхуэдэхэр щІыху жыджэрщи, къэралым и экономикэми, политикэми щІэ халъхьэфынущ, щыпсэу щІыпІэм зрагъэужьынымкІэ жэрдэм къакъуэкІыфынущ.

Урысейр къапщтэмэ, иджыри къэс къызэрекІуэкІар Москварэ Санкт-Петербургрэ щІалэгъуалэр Іэпхъуэрэ нэхъыбэри а къалэхэм къыщынжэщ. Іэхъущ Іапіэм сыхьэтийкІэ ущІэсын хуэмеижмэ, уи къалэныр бгъэзащІэмэ я лэжьакІуэу уэзрыщытам хуэдэу псори кьэнжмэ, дауи, и унагъуэмкІэ емыІэ-жынур машІэщ. Араущи, щІалэгъуалэм ягъэзэжынри хэлъщ къызидикІа щІыналъэхэм. Абы и щапхъэ дольагъуххэ. Хэт-тІэ щІэныгъэ зиІэ, мы дунейм хэззгъа Іэщ Іагъэлі хэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ хуэмейр?!

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Ди зэманым и нэщэнэхэр

ФІыри Іейри зэпыщІауэ

● Кіэщу

Ингушым и махуэхэр

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым щэкІуэгъуэ мазэм щекІуэкІынущ Ингуш Республикэм и махуэхэр.

АР къызэрагъэпэщ республикэм и туризм, экономикэ Іуэхуэхэр зыхуэдэм, и щэнхабзэмрэ и тхыдэ щІэинхэмрэ хъума зэрыхъуэм сенаторхэм зыщагъэгъуэзэн мурадкІэ.

Совфедым и комитетхэм ирагъэблагъэнущ республикэм и къэрал къулыкъущІэхэр. Абдеж щытепсэлъыхьынущ ингушхэм я щІэныкІэ-псэукІэм зегъэужьыным теухуауэ зэфІэхьыпхъэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм.

Республикэм и Іэтащхьэ Каламатов Мэхьмуд-Алийщ ЛыкІуэхэм я пашэр.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхьу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхэпщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэ зыужьынымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэсэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.:76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БэзэІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марьянэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхьу Мариэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894● Тираж 1.777● Заказ №1604

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марьянэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхьу Мариэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894● Тираж 1.777● Заказ №1604